МКОУ «НОВОБИРЮЗЯКСКАЯ СОШ»

# КОНСПЕКТ ЗАНЯТИТЯ ПО РОДНОМУ (АВАРСКОМУ ЯЗЫКУ) В 8 КЛАССЕ

## Тема: «Глаголал такрар гьаби»

2018 г

Тема: Глаголал такрар гьаби
Дарсил мурад: Цересел дарсазда малъараб такрар гьаби. Бит1унхъвай цебет1езаби. Калам пасих1 гьабизе творческияб х1алт1и т1убай. Халкъиял кицабазул кьуч1алда ц1алдохъабазул г1акълу бег1ери. Т1алабияб наклонение баян гьаби, суффиксазул кумекалдалъун т1алабияб наклонениялъул глаголал лъугьинаризе ругьунгьари. Литературиял асаразулъ т1алабиял наклонениялъул глаголал ратизе ругьун гьари.
Алатал: т1ахьал, карточкаби, итерактивияб доска,

Дарсил ин:
Учителасул цебераг1и: **Ворч1ами, лъимал.**
**Жакъасеб нилъер дарсил**
**Мурад гьадинаб буго:**
**Малъараб г1ат1ид гьаби,**
**Ц1ияб лъай баян гьаби.**
**Нилъеца гьаб дарсида**
**Глагол такрар гьабила,**
**Гьебги гьоркьоб ккезабун**
**Цо-цо хабар г1уц1ила.**
**Бит1унхъвай цебет1езе**
**Хъвавулъ гъалат1 дагьлъизе**
**Ц1ияб лъай кверде босун,**
**Хъвазе т1алаб гьабила.**
**Калам пасих1 гьабизе**
**Цо-к1иго кеч1 ц1алила.**
**Коч1ол маг1на бич1ч1изе**
**К1вар кьун гьелде ургъила.**
**Г1акълу бег1ер гьабизе**
**Гъварилъи-лъай ц1ик1к1ине**
**Умумуз нилъей тарал**
**Кицабазул бицина.**
Нуж рази ругищ, лъимал, гьадинаб дарсил мурадалда?
Гьедин батани рач1а нилъеца рак1алде щвезабила цересел дарсазда малъараб.

Фронталияб гьикъи г1уц1ила:

- Щиб кколеб глагол?

**Ц1алдохъан: Глагол ккола предметалъул иш яги х1ал бихьизабулеб каламалъул бут1а. Глаголал щиб гьабураб? Щиб гьабилеб? Щиб гьабураб? Щиб лъугьараб? Щиб х1алалда бегеб? абурал суалалъе жаваблъун рач1уна.**

Учитель : лъимал гьоркьор риччарал рагабиги лъун текст хъвай

Шуг1айнатида бат1и-бат1ил расандби …….ашура Гьелъ гьел гьалмагъзабазда…..

Гьей…., х1еренго….. Г1иси бикъинаб жоялъе г1оло…. Ч1ух1а – къулун…..

Гьей гьалмагъзабазе ц1акъ…. Гьейгун лъималазул…..

2. **Глаголалъул байбихьул форма щиб?**

**Ц1алдохъан : инфинитив**
**Учитель инфинитив : щиб кколеб**
**Ц1алдохъан:** Жинца ишги бихьизабулеб, грамматикиял г1аламаталги гьеч1еб глаголалъул хасаб формаялда инфинитив абула. Инфинитив жаваблъун бач1уна щиб гьабизе? абураб суалалъе

**Учитель : лъимал предложениял ц1але, инфинитивал рате, гьезие суал лъе.**

1.Сами артистлъун вахъине вуго.

2.Сула шоферлъун ц1ализе вуго.

3.Вехь маг1арде ине вуго.

4.Гьес цадахъ гьойги бачине буго.

**Учитель**
**3.Кинал рук1унел глаголал?**
**Ц1алдохъан:** журарал ва составиял

**Учитель : кинал глаголазда журарал абулел?**
Жинца цох1о маг1наги кьолеб, к1иго раг1ул лъугьараб глаголалда абула жубараб глаголилан. Масала: къобух1изе, къикъот1изе, свера- хъеризе, рихха-хочизе. Журарал глаголал хъвала цойидаги дефис гьоркьоб лъунгин.

**Учитель : кинал глаголазда составиял абулел?**

**Ц1алдохъан**: Составияб глаголин абула предметалъ гьабулеб цох1о ишалъул бицунеб,аслиябги кумекалъулги раг1абаздасан г1уц1араб глаголалъул заманияб формаялда. Масала:багъун буго; багъулеб буго; багъизе буго.

**Учитель** : Лъимал гьал составиял глаголалги гъорлъ ккезарун, предложениял ургъе.

**Батулеб гьеч1о, вач1унев вук1ун вуго, рещт1унеб буго,лъуг1изе гьабуна.**

Учитель: **4.Чан заманияб форма бугеб глаголалъул?**

Ц1алдохъан: **Гьанже заман, араб заман, бач1унеб заман.**

Учитель**: кинаб заманалда гьанже заман абулеб?**

Лъимал: **Гьанже заманалъул глаголал лъугьуна заманалъул причастиялда т1аде кумекалъул глаголги бач1ун. Масала: Х1алт1улев вуго,х1алт1улей йиго, х1алт1улеб буго, х1алт1улел руго.**

**Учитель**: Лъимал

гьал предложениял, глалолалги гьанже заманалде хисизарун хъвай:

**Гъут1би т1егьана, муг1рул гурччинлъана, Тайи басандана, яс черана.**

**Учитель: Кин лъугьунеб бач1унеб заман?**

**Ц1алдохъан:** Бач1унеб заманалъул составиял глаголал лъугьуна инфинитивалда т1аде кумекалъул глагол (буго ва гьеч1о) жубан. Масала: къотизе буго, гьеч1о, щвезе гьеч1о.

**Учитель:** Гьал инфинитиваздаса гьанже ва бач1унеб заманлъул глаголал лъугьинаре ва, ва к1иго х1уби гьабун хъвай.

**Сорозе т1обит1изе**
**ц1орозе**
**ц1ализе**
**камизе**
**биччизе**
**х1алт1изе**

**Учитель:** Араб заманалъул составиял глаголал кин лъугьунел?

**Ц1алдохъан:** Араб заманалъул составияб глаголалъги бич1ч1изабула рехсолеб иш гьелъул х1акъалъулъ бициналде цебехун ккун бук1ин. Масала: т1ехь ц1алулеб бук1ана,ц1алулеб бук1ун буго, ц1алун буго

Литературияб минутка.

**Учитель:** Лъимал, нилъеда лъала глаголалъул 4 заман бук1унеблъи. Лъида к1велеб гьаб кеч1 араб заманалъул глаголал бач1унеб заманалде сверизарун ц1ализе? Их.
Т1аде щвана хинаб их,
Т1егьана т1олго гъут1би,
Т1огьолал байдабаца
Берцин гьабуна дунял.
Муг1рулги г1урччинлъана,

**Учитель:** Кинал наклонениял глаголалъул нужеда лъалел?
**Ц1алдохъан:** Наклонение ккола х1акъикъаталдехун к1алъалесул ишалъулаб гьоркьоблъи бихьизабулеб глаголияб форма. Авар мац1алда глаголалъул буго 4 наклонение
**Хабарияб , т1алабияб, суалияб**

**Учитель**: Хабарияб наклонениялъ щиб бицунеб?
**Ц1алдохъан:** Хабарияб наклонениялъ бицуна иш лъугьиналъул яги лъугьинч1олъиялъул. Гьелъул бук1уна 4 заманалъул форма: Бакъ щолеб буго. Бакъ щвела.Бакъ щола. Бакъ щвеч1о.Гьелда гъорлъе уна ункъабго заманалъул составиял глаголал

**Учитель:** Гьал глаголал цолъул формаялда ункъабго заманалда лъе ва ункъго
х1уби гьабун хъвай.

**Ах1изе, бач1ине, вор**
**ч1изе, бекеризе, векьаризе.**

**Учитель :** Т1алабияб наклонениялъ щиб загьир гьабулеб?

**Ц1алдохъан:** Т1алабияб наклонениялъ загьир гьабула буюрухъ, малъа-хъвай, гьари, гьесизари: вач1а, вач1унге, вач1аги, вач1инин, вач1инарин.
**Учитель:** Гьал глаголал т1алабияб наклонениялдалъе.

**Рахазе, вахъине,т1езе,тезе,рещт1ине, зинк1кизе,кквезе.**

**Учитель**: Суалияб наклонениялъ щиб загьир гьабулеб?

**Ц1алохъан:** Суалияб наклонениялъул глаголаз загьир гьабула гьикъул маг1на.Гьеб наклонение лъугьуна хабарияб ва шарт1ияб наклонениязул глаголазде , инфинитивалде, причастиялде ва деепричастиялде **–ИЩ, (ЙИЩ),-ДАЙ** суффиксан журан.

**Масала:** тезе(йищ), тезе(дай),кьурун(ищ), кьурун(дай

**Учитель :** техь рагье гьумер 181 х1алт1и 2

**Дарсил хIасилал гьари**

Лъимал нилъеца жакъа глагол такрар гьабуна бич1ч1ич1еб жо хут1ун бугебищ?
Лъимал рак1алда бугищ нужеда нилъер дарсил эпиграф? Кин нужеда рак1алде кколеб гьеб эпиграфалда рекъон х1алт1анищ нилъ гьаб дарсида? Х1алч1ахъаги, лъимал, нужер, дарсида лъик1 х1алт1аразе къиматалги лъела журналалда.

**Рокъобе хIалтIи**
*1. № 2 гьумер 184*
*ХIуччазул бакIалда хадур кьурал, магIна данде кколел глаголал-сказуемоялги лъун, предложениял хъвай.*
*Щуго глаголги босун тексталдаса, гьезул морфологияб разбор гьабе.*
*2. Контролиял суалал ва тIадкъаял. Гьум 188*

Къо мех лъик1
5